

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan didadasaran tina ayana anggapan yén dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* miboga ajén-ajén anu luhung. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun unsur struktural, ajén *pendidikan karakter* jeung sawangan hirup urang Sunda anu nyampak dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*, sarta nyusun bahan ajar maca di SMP tina dongéng nu aya tina analisis buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*. Dina ieu panalungtikan, dilarapkeun tiori ngeunaan strukturalisme dina dongéng, ajén *pendidikan karakter* jeung sawangan hirup urang Sunda, sarta bahan ajar maca. Méthode nu digunakeun nyaéta metode deskriptif, sedengkeun téhnikna nyaéta studi pustaka jeung dokuméntasi.

Hasil panalungtikan tina 17 dongéng nu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* ngahasilkeun tilu kacindekan utama nyaéta unsur intrinsik dongéng, ajén *pendidikan karakter*, jeung bahan pangajaran maca di SMP. Unsur intrinsik dongéng nu dianalisis nyoko kana téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar, sarta sudut pandang. *Kahiji*, téma nu kapaluruh réréana ngeunaan masalah jeung pangalaman hirup manusa, boh anu sifatna individual, boh anu sifatna lahiriah, saperti ajén diri, kasombongan, cinta (boh cinta indung ka anak, boh cinta adi ka lanceuk, boh cinta anak ka indung), cobaan hirup, kasatiaan, kasieun, agama, jeung kaagungan Gusti Nu Maha Suci. *Kadua*, galur carita dina 17 dongéng nu dianalisis kabéh ngagunakeun galur mérélé. *Katilu*, aya dua jenis tokoh nu kapanggih nyaéta tokoh utama jeung tokoh panambah, katitén aya 20 tokoh utama nu ngalalakon, jeung 59 tokoh panambah nu jadi panglengkep carita. *Kapat*, latar nu kapanggih nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat dina 17 dongéng nu dianalisis réréana di pilemburan, di imah jeung di karajaan, anapon waktuna lumangsung dina jaman karajaan, jaman peperangan,

jeung jaman kanabian, sedengkeun latar sosial nu kapanggih réréana nyoko kana kahirupan sosial masarakat golongan menengah. *Kalima*, aya dua jenis sudut pandang nu digunakeun dina 17 dongéng nu dianalisis, nyaéta sudut pandang persona katilu “manéhna” kasengker jeung sudut pandang persona katilu “manéhna” sarwa nyaho. Kapanggih aya 15 dongéng nu ngagunakeun sudut pandang persona katilu “manéhna” kasengker, sedengkeun ngan ukur aya dua dongéng nu ngagunakeun sudut pandang persona katilu “manéhna” sarwa nyaho.

Ajén *pendidikan karakter* nu kapanggih dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* aya 16, nyaéta *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, parigel, mandiri, demokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta ka lemah cai, komunikatif, cinta damai*, maliré kana lingkungan sabudeureun, maliré kana lingkungan sosial, jeung tanggung jawab. Dongéng anu ngandung ajén *pendidikan karakter* panglobana nyaéta dongéng “Sasakala Legok Cibuang” kalayan jumlah 13 ajén, sedengkeun dongéng anu ngandung ajén *pendidikan karakter* pangsaeutikna nyaéta dongéng “Sasakala Situ Bagendit” anu jumlahna ngan ukur saajén. Anapon data sawangan hirup urang Sunda nu kapanggih dina buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* aya 5, nyaéta sawangan hirup urang Sunda ngeunaan manusa salaku pribadi, sawangan hirup urang Sunda ngeunaan manusa jeung masarakat, sawangan hirup urang Sunda ngeunaan manusa jeung alam, sawangan hirup urang Sunda ngeunaan manusa jeung Gusti Nu Maha Suci, jeung sawangan hirup urang Sunda ngeunaan manusa dina ngahontal kamajuan lahiriah jeung rohaniah.

Dongéng-dongéng dina buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP, lantaran miboga unsur intrinsik anu lengkep jeung euyeub ku rupa-rupa ajén *pendidikan karakter*, sarta luyu jeung kriteria bahan ajar nu geus ditangtukeun.

5.2 Saran

Dongéng lain ngan mangrupa produk heubeul anu cukup dipikawanoh hungkul, tapi dongéng mangrupa folklor lisan anu euyeub ku ajén-inajén anu gedé gunana pikeun kahirupan masarakat Sunda. Ku kituna, loba hal anu masih kénéh

bisa diguar tina dongéng anu can ditalungtik. Aya sababaraha saran nu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

1) Saran ka Panalungtik Sastra Utamana Ngeunaan Dongéng

Ieu panalungtikan kawatesanan kana ajén *pendidikan karakter* nu kapaluruh tina dongéng hungkul. Teu nutup kamungkinan panalungtikan ngeunaan ajén *pendidikan karakter* bisa leuwih jembar saupama ngagunakeun sumber data folklor séjénna. Pikeun panalungtik séjénna dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi salah sahiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui.

2) Saran ka Guru Basa Sunda

Dongéng-dongéng nu aya dina buku kumpulan dongéng “Sasakala Talaga Warna” bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola sangkan ngeuyeuban kana dongéng Sunda anu geus aya, hususna pikeun siswa SMP kelas VII.

3) Saran ka Urang Sunda

Hasil ieu panalungtikan bisa jadi gambaran pikeun mikanyaho ajén *pendidikan karakter* dina dongéng Sunda jeung mikanyaho sawangan hirup nu dipimilik ku urang Sunda. Ku kituna, dipiharep ngajadikeun urang Sunda leuwih mikanyaho kana jati dirina tur bisa robah jadi pribadi nu leuwih hadé.